

26 novanm

Gade sa Senyè a fè pou nou ! Nonm 23. 23

Bondye sitèlman renmen lèzòm, Li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan Li p ap pèdi laviyo. Okontrè y a gen lavi ki p ap janm fini an. Jan 3. 16

Kisa ou fè ?

Premye krim : “Kayen leve kont Abèl, frè l, li touye l” (Jenèz 4. 8). Pa gen moun ki la pou sèvi temwen. Kriminèl la pa riske anyen. Men, Bondye arete li : “Kote Abèl, frè w la ?”

Kayen reponn avèk ensolans : Se mwen ki gadyen frè m nan ?

“Kisa ou fè konsa ? San Abèl, frè ou ki koule atè a ap rele tankou vwa yon moun, li rive jouk nan zòrèy mwen” (Jenèz 4. 9, 10).

Si li nòmal pou Bondye poze nonm ki koupab la kesyon sa a, kòman yon nonm ka poze Bondye kesyon sa a ? Poutan, se sa Pilat tapral fè aprè plizyè lane pita. Li pral di Jezi : “Kisa ou fè konsa ?” (Jan 18. 35). Jezi ta ka reponn : Ou pa konnen ? “Moun ki te avèk wè klè, moun bwate yo mache, moun ki te gen lèp yo pirifye, moun ki te soud yo tande, moun ki te mouri yo leve soti vivan nan lanmò (resisite), e levanjil la anonse bay moun ki pòv yo” (Matye 11. 5).

Se menm kesyon blesan sa a moun jodi a ap poze konsènan Jezi. Bib la reponn “Li te fè lapè avèk san li sou lakwa a” (Kolosyen 1. 20). “Konsa, avèk sèl ofrann Li fè a, Li fè moun li netwaye anba peche yo vin bon nèt pou tout tan” (Ebre 10. 14). Nan yon dènye ofans, sòlda women an, frennen Jezi nan zo kòt, e fè san li koule. San sa a, li menm sèl pirifye tout moun ki kwè nan Jezi. San Abèl la te pote jijman, men san Jezi pote padon. Ak mekanste lèzòm Bondye montre li renmen yo.

“Kris la renmen nou, Li bay san li lè Li mouri pou L te ka delivre nou anba peche nou yo... Se pou Li tout lwanj ak tout otorite pou tout tan” (Revelasyon 1. 5, 6).

26

novembre

Qu'est-ce que Dieu a fait ? Nombres 23. 23

Dieu a tant aimé le monde qu'il a donné son Fils unique, afin que quiconque croit en lui ne périsse pas, mais qu'il ait la vie éternelle. Jean 3. 16

Qu'as-tu fait ?

Premier crime : “Caïn se leva contre Abel, son frère, et le tua” (Genèse 4. 8). Pas de témoin. Le meurtrier ne risque donc rien. Mais Dieu l’arrête : “Où est Abel, ton frère ?

– Suis-je, moi, le gardien de mon frère ? répond Caïn avec insolence.

– Qu’as-tu fait ? La voix du sang de ton frère crie de la terre à moi” (Genèse 4. 9, 10).

S’il est normal que Dieu pose cette question à l’homme coupable, comment un homme peut-il poser la même question à Dieu ? C’est pourtant ce que fera Pilate bien des siècles plus tard. Il dira à Jésus : “Qu’as-tu fait ?” (Jean 18. 35). Jésus aurait pu lui répondre : Ne le sais-tu pas ? “Les aveugles retrouvent la vue et les boiteux marchent ; les lépreux sont rendus purs, les sourds entendent, les morts ressuscitent, et l’évangile est annoncé aux pauvres” (Matthieu 11. 5).

C’est encore la même question outrageante que les hommes d’aujourd’hui posent au sujet de Jésus. La Bible répond qu’il a “fait la paix par le sang de sa croix” (Colossiens 1. 20). “Par une seule offrande, il a rendu parfaits à perpétuité ceux qui sont sanctifiés” (Hébreux 10. 14). Dans une dernière offense, le soldat romain a fait jaillir le sang du côté de Jésus. Ce sang, et lui seul, purifie de tout péché celui qui croit. Le sang d’Abel appelait le jugement, le sang de Jésus apporte le pardon. A la méchanceté des hommes répond l’amour de Dieu.

“A celui qui nous aime, et qui nous a lavés de nos péchés dans son sang..., à lui la gloire et la force aux siècles des siècles !” (Apocalypse 1. 5, 6).